

Enfòmasyon Sou Reyinyon Piblik yo

Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (Central Business District Tolling Program)

Lwa sou Fonksyonman Trafik Avril 2019 la (The April 2019 Traffic Mobility Act) te bay Triborough Bridge ak Tunnel Authority (TBTA) otorizasyon pou fè, devlope, bati e reyalize yon Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (CBD) (Central Business District (CBD) Tolling Program).

Pwogram lan fèt pou diminye ankonbreman nan CBD epi bay yon sous revni fyab pou investisman nan rezo transpò piblik nan rejyon an. Verikil k ap antre oswa ki rete nan CBD Manhattan ap peye yon frè, ke y ap peye apati de yon sistèm peyaj ki pa resevwa lajan kach.

CBD pral ajoute ladan l zòn ki nan sid Manhattan yo ak 60 yèm ri (60th Street), eksepte FDR Drive, West Side Highway, Battery Park Underpass ak nenpòt ki pòsyon wout Hugh L Carey Tunnel ki konekte ak West Street.

Aprè sa pwochen etap la se yon Evalyasyon Anviwonman, ke TBTA ap fè dekonsè avèk Ministè Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation (NYCDOT)) ak Ministè Transpò Eta Nouyòk (State Department of Transportation (NYSDOT)), epi nan kowòdinasyon etwat avèk Federal Highway Administration (FHWA), ajans federal prensipal la.

Reyinyon Piblik ki pral fèt yo ap bay patisipan yo opòtinite:

- Jwenn enfòmasyon konsènan CBD Tolling Program epi fè komnantè sou pwogram lan.
- Konnen kisa ki Evalyasyon Anviwonman an k ap fèt konfòmman avèk Lwa sou Politik Anviwonman Nasyonal (National Environmental Policy Act (NEPA)) pou evalye enpak CBD tolling lan.

Pral genyen 10 reyinyon vityèl. Reyinyon vityèl sa yo ap fèt pou rann li pi fasil pou sila yo ki vle fè kòmantè ak sila yo ki sèlman vle gade. Chak reyinyon yo pral mete anfaz sou oratè ki soti nan yon zòn jeyografik byen presi, menm si nenpòt ki moun nan nenpòt ki zòn kapab patisipe nan nenpòt oswa tout reyinyon k ap bon pou yo. Sila yo ki pa gen aksè ak bonjan entènèt kapab patisipe sou telefòn.

Patisipan yo ap kapab gade oswa patisipe nan reyinyon yo

Asiste sou òdinatè/tablet/Telefòn:

Lien pou w kapab asiste: <https://mta.zoom.us/j/82606738045>
ID seminè a: 826 0673 8045

Asiste sou telefòn:

Konpoze: +1 888 788 0099 (Gratis)

ID seminè a: 826 0673 8045 # apres a #

Se sèlman sila yo ki vle pale k ap bezwen enskri. Pou w enskri, ale sou new.mta.info/project/CBDTP oswa rele liy telefonik Public Meeting lan nan (646)252-6777

Reyinyon yo ap difize an dirèk tou sou new.mta.info/project/CBDTP

Sèvis Aksesibilite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Nan reyinyon piblik yo ap genyen sèvis Soutiraj CART ak Lang Siy Ameriken k ap disponib.

Moun ki nan piblik la ki soud oswa ki tande di kapab itilize sèvis transmisyon yo prefere oswa yo kapab itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo ak nimewo Public Meeting lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Moun ki nan piblik la ki avèg oswa ki pa wè byen kapab soumèt yon demand sou entènèt sou new.mta.info/project/CBDTP oswa rele liy telefonik Public Meeting lan nan (646) 252-6777 pou mande pou yo fè aranjman pou yo senk jou avan chak reyinyon san konte jou wikenn yo.

Moun ki nan piblik la ki pa gen aksè ak òdinatè oswa ki pa gen aksè ak Entènèt kapab rele nan reyinyon Zoom lan nan 1-888-788-0099 (Gratis). Apres a yo kapab antre ID seminè a ki se 826 0673 8045 apre sa antre dyèz (#), epi apre sa antre siy dyèz (#) la ankò pou yo kapab tande chak reyinyon.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt lòt aranjman ki nesèsè, tanpri soumèt yon demann omwen senk jou san konte jou wikenn anvan dat reyinyon an pwograme a nan youn nan fason sa yo: sou entènèt nan new.mta.info/project/CBDTP, atravè nimewo telefòn Public Meeting lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Re: MTA CBDTP Public Meetings, 2 Broadway, D17.140, New York, NY 10004. Pou sila yo ki mande èd pou kesyon lang atan, MTA ap ba yo enfòmasyon ki tradui.

Dat Reyinyon yo:

New York City Outer Boroughs

Jedi 23 Septanm, 10 AM rive jiska midi

Manhattan CBD

Jedi 23 Septanm, 6 PM–8 PM

New Jersey

Vandredi 24 Septanm, 10 Am rive jiska midi

New York City Outer Boroughs

Mèkredi 29 Septanm, 10 AM rive jiska midi

Long Island

Mèkredi 29 Septanm, 6 PM–8 PM

New York City Outer Boroughs

Jedi 30 Septanm, 6 PM–8 PM

Connecticut

Vandredi 1 Oktòb, 1 PM–3 PM

New Jersey

Lendi 4 Oktòb, 6 PM–8 PM

Northern New York City Suburbs

Madi 5 Oktòb, 6 PM–8 PM

Manhattan Outside CBD

Mèkredi 6 Oktòb, 6 PM–8 PM

TBTA, NYSDOT ak NYCDOT vle yon seri kòmantè avan dat nan kad yon pwogram sansibilizasyon solid ke Federal Highway Administration egzije.

Ajans yo tou vle kòmantè ki fòmèl, nan yon dat avanse sou kesyon Evalyasyon Anviwonman pou Pwogram Tolling CBD a, Ki pral fèt konfòmman ak Lwa sou Politik Anviwonman Nasyonal (National Environmental Policy Act (NEPA)).

Lòt Fason pou fè Kòmantè:

Sou entènèt sou new.mta.info/project/CBDTP

Email CBDTDP@mtabt.org

Mail to CBD Tolling Program, 2 Broadway, 23rd Floor, New York, NY 10004

Telefòn: 646-252-7440



Department of
Transportation



Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (Central Business District Tolling Program)

Enfòmasyon sou Reyinyon Piblik yo pou Kominote Jistis Anviwonmantal (Public Information Outreach Meetings for Environmental Justice Communities)

Lwa sou Fonksyonman Trafik Avril 2019 la (The April 2019 Traffic Mobility Act) bay Triborough Bridge ak Tunnel Authority (TBTAA) otorizasyon pou fè, devlope, bati e reyalize yon Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (CBD) (Central Business District (CBD) Tolling Program). Pwogram lan fèt pou diminye ankonbreman nan CBD epi bay yon sous revni fyab pou investisman nan rezo transpò piblik nan rejyon an. CBD pral ajoute ladan l zòn ki nan sid Manhattan yo ak 60 yèm ri (60th Street), eksepte FDR Drive, West Side Highway, Battery Park Underpass ak nenpòt ki pòsyon wout Hugh L Carey Tunnel ki konekte ak West Street. Verikil k ap antre oswa ki rete nan CBD Manhattan ap peye yon frè, ke y ap peye apati de yon sistèm peyaj ki pa resevwa lajan kach.

Nan kad pwosesis apwobasyon federal TBTAA, ansanm avèk Minisè Transpò Vil Nouyòk (New York City Department of Transportation (NYCDOT) ak Minisè Transpò Eta Nouyòk (State Department of Transportation (NYSDOT), epi nan kowòdinasyon etwat avèk Federal Highway Administration (FHWA), ajans federal prensipal la, gen obligasyon pou li fè sèten ke Environmental Justice Communities nan kontre (counties) esansyèl yo ki nan New York, New Jersey ak Connecticut gen posiblite pou yo konnen pwojè a epi kontribiye nan diskisyon sou pwojè a.

Reyinyon Piblik ki pral fèt yo ap bay patisipan yo opòtinite:

- Jwenn enfòmasyon konsènan Pwogram CBD Tolling lan ak potansyèl enpak pozitif e negatif sou Environmental Justice Communities
- Komante sou pwogram lan
- Konnen Gwoup Konsiltan Teknik Jistis Anviwonmantal la (Environmental Justice Technical Advisory Group) ak yon Gwoup Moun k ap travay apa ki Gen Enterè nan Jistis Anviwonmantal (Environmental Justice Stakeholder Working here Group) ak kijan pou yo patisipe oswa sijere yon moun.

Ap genyen 3 reyinyon vityèl, youn nan chak pou kontre (counties) ki esansyèl ki nan New York, New Jersey ak Connecticut, menm si nenpòt ki moun ka asiste nan nenpòt oswa tout reyinyon sa yo:

Jedi 7 Oktòb, 6 PM – 8 PM pou New York

Jedi 12 Oktòb, 6 PM – 8 PM pou New Jersey

Jedi 13 Oktòb, 6 PM – 8 PM pou Connecticut

Reyinyon vityèl sa yo ap fèt pou rann li pi fasil pou sila yo ki vle fè kòmantè ak sila yo ki sèlman vle gade.

Sila yo ki prefere patisipe sou telefòn kapab fè sa. Se sèlman sila yo ki vle pale k ap bezwen enskri.

Pou w enskri, ale sou new.mta.info/project/CBDTP oswa rele liy telefonik Public Meeting lan nan (646)252-6777

Reyinyon yo ap difize an dirèk tou sou new.mta.info/project/CBDTP

Sèvis Aksesiblite ak Sèvis Èd pou kesyon Lang

Nan reyinyon piblik yo ap gen sèvis Soutitraj CART ak Lang Siy Ameriken k ap disponib.

Moun ki nan piblik la ki soud oswa ki tande di kapab itilize sèvis transmisyon yo prefere oswa yo kapab itilize sèvis transmisyon gratis 711 lan, epi mande pou yo konekte yo ak nimewo Public Meeting lan nan (646) 252-6777 pou yo pale ak yon ajan.

Moun ki nan piblik la ki avèg oswa ki pa wè byen kapab soumèt yon demand sou entènèt sou new.mta.info/project/CBDTP oswa rele Liy telefonik Public Meeting lan nan (646) 252-6777 pou mande pou yo fè aranjman pou yo senk jou avan chak reyinyon san konte jou wikenn yo.

Moun ki nan piblik la ki pa gen aksè ak yon òdinatè oswa ki pa gen aksè ak Entènèt kapab rele nan reyinyon Zoom lan nan 1-888-788-0099 (Gratis). Apresa yo kapab antre ID seminè a ki se 826 0673 8045 apre sa antre dyèz (#), epi apre sa antre siy dyèz (#) la ankò pou yo kapab tande chak reyinyon.

Si w bezwen èd pou kesyon lang oswa nenpòt lòt aranjman ki nesèsè, tanpri soumèt yon demann omwen senk jou san konte jou wikenn anvan dat reyinyon an pwograme a nan youn nan fason sa yo: sou entènèt nan new.mta.info/project/CBDTP, atravè nimewo telefòn Public Meeting lan nan (646) 252-6777, oswa voye yon lèt bay MTA Government & Community Relations, Re: MTA CBDTP Public Meetings, 2 Broadway, D17.140, New York, NY 10004. Pou sila yo ki mande èd pou kesyon lang atan, MTA ap ba yo enfòmasyon ki tradui.

Moun ki abite nan kominote Jistis Anviwonmantal (Environmental Justice communities) kapab patisipe tou nan nenpòt nan 10 reyinyon piblik vityèl yo ki gen rapò ak pwosesis Evalyasyon Anviwonmantal federal. Pou plis enfòmasyon sou tout reyinyon sa yo, pwojè a, oswa pou ou kite kòmantè, tanpri itilize mwayen sa yo:

Sit entènèt pwojè a sou new.mta.info/project/CBDTP

Email CBDTP@mtabt.org

Mail to CBD Tolling Program, 2 Broadway, 23rd Floor, New York, NY 10004

Telefòn: 646-252-7440

